



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 10 janvye 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ANSYEN KONSEYE JAMES GENNARO AP KÒMANSE TRAVAY NAN PWOTEKSYON ANVIWONMAN

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse nominasyon ansyen konseye vil New York James F. Gennaro kòm Delege adjwen pou Devlopman dirab ak rezistans Vil New York nan Depatman Pwoteksyon Anviwonman Eta New York.

“Ane sa, Eta a ap reimajine New York pou yon nouvo reyalite klima, rekonstwi pi byen ak plis rezistans apre gwo tonton siklòn pandan lane ki fèk pase yo,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Mwen kontan genyen Mesye Gennaro nan ekip nou an nan DEC kote li pral pote anpil lane esperyans li genyen nan anviwonman pou ede pwoteje ak prepare Vil New York pou move tan. Sipè Ouragan Sandi ki te frape Vil New York fò, te montre aklè nou gen anpil pou nou fè pou kominote an ka pi solid pou lavni. Mesye Gennaro pral yon lidè san parèy nan aktivite sa yo, epi map tann pou kòmanse travay ak li.”

“Pasyon Jim montre li genyen pou amelyorasyon anviwonman ak wòl lidè li nan politik anviwonman pou pwoteje Nouyòkè fè li gen plas natirèl li nan DEC,” te deklare manm komisyon DEC a, Jose Martens. “Pakèt esperyans Jim lan pral itil pandan l ap travay pou garanti New York ekipe pou l fè fasa siklòn pi devan. Li pral travay dirèkteman ak patnè DEC yo nan nouvo Enstiti Rezistans Eta New York pou Siklòn ak Ijans yo fenk kreye a pou rive reyalize objektif sa.”

Nan nouvo travay li a, Mesye Gennaro pral pouse efò DEC yo pou prepare epi fè Vil New York pi rezistan pou kontre defi ki asosye ak chanjman klima ak pou rekonstwi apre dènye siklòn yo. Mesye Gennaro pral sèvi tou kòm lyezon DEC ak Enstiti Rezistans Eta New York pou Siklòn & Ijans [New York State Resiliency Institute for Storms & Emergencies, (NYSRISE)]. Gouvènè Cuomo te anonse kreyasyon NY RISE nan mwa novanm pou founi enfòmasyon syantifik espesifik bay moun kap adopte politik ak pati konsènen yo pou tilizasyon yo nan devlopman plan konplè ki pou pi byen pwoteje kominote kont move tan ak katastwòf natirèl.

Mesye Gennaro te travay kòm Konseye Vil soti lane 2002 rive 2013, kote li te reprezante plizyè pati nan Borough Queens lan. Li te prezidan Komite Konsèy sou Pwoteksyon Enviwonman an epi te ekri anpil lwa sou anviwonman konsènan pwoblèm tankou diminisyon gaz ki gen efè sè nan Vil New York nan 30

Haitian Creole

pousan disi lane 2030, diminisyon polisyon dlo ak lè, kreyasyon strateji adaptasyon chanjman klima, amelyorasyon rezistans Vil la nan gwo siklòn, retablisman Jamaica Bay, ogmantasyon enèji pwòp ak fyab, epi ogmantasyon netwayaj fib kontamine. Anplis, Mesye Gennaro te manm Konsèy Konsiltatif pou Devlopman Dirab New York. Anvan li te reprezante 24yèm distri a, Mesye Gennaro te travay kòm yon analis politik anviwonman pou Konsèy Vil New York City pandan onz lane.

Mesye Gennaro resevwa plizyè dekorasyon ak rekonpans pou lidèchip li nan anviwonman, tankou 2013 Environmental Quality Award nan men Ajans Pwoteksyon Anviwonman peyi Etazini.

Mesye Gennaro te pran diplòm metriz ak lisans li nan State University of New York nan Stony Brook.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418